



## ENFO RAPID

# Pou benefisyè DACA yo

### Kòman mwen ka enskri?

👉 Sou entènèt nan [nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov)

📞 Nan telefòn nan  
1-855-355-5777  
TTY: 1-800-662-1220

👤 Jwenn èd gratis nan men konseye ki sètifye toupre lakay ou oswa travay ou. Ou ka prezante an pèsòn oswa rele nan telefòn.

### Kilè mwen ka enskri?

Enskripsyon pou Essential Plan lan ouvè pandan tout ane a.

### Èske w kapab ede m nan pwòp lang mwen pale?

Wi. Gen èd disponib nan lang ou pale a nan telèfòn ak fasfas.

**Kòmanse lye out 2024,  
benefisyè DACA yo pral  
kalifye pou Essential Plan.**



### 1 Kisa aksyon difere pou moun ki vin Etazini etan timoun lan (DACA) ye?

DACA se yon règ federal. Li pwoteje kèk imigran san papye kont depòtasyon. Imigran sa yo te vini Etazini lè yo te timoun. Benefisyè DACA yo kapab travay epi yo ka al lekòl. Estati DACA pa pèmanan. Yo dwe renouvre li chak dezan.

### 2 Kisa Essential Plan lan ye?

Essential Plan lan se yon plan asirans maladi ki nan pri abòdab. Li fèt pou moun New York yo ki kalifye. Li garanti vizit kay doktè, swen nan lopital, depistaj, medikaman sou preskripsyon, swen dan ak zye, ak plis ankò.

### 3 Kimoun ki kalifye?

- Rezidan Eta New York yo
- Sitwayen ameriken yo, aplikan yo ki legal nan Etazini, ak benefisyè DACA yo
- Moun ki gen laj ant 19-64 lane
- Moun ki pa kalifye pou asirans yo bay nan travay yo ak lòt kalite asirans maladi
- Moun ki gen revni fèb ki pa kalifye pou Medicaid oswa Child Health Plus

Kantite moun ki gen nan fwaye a	Kantite lajan ou ka touche pou pi plis
1	\$37,650
2	\$51,100
3	\$64,550
4	\$78,000

## Kòman mwen ka enskri?

- 1 **Sou entènèt nan [nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov)**
- 2 **Nan telefòn nan  
1-855-355-5777  
TTY: 1-800-662-1220**
- 3 **Jwenn èd gratis nan men yon konseye ki sètifye toupre lakay ou oswa travay ou Ou ka prezante an pèsòn oswa rele nan telefòn.**

NY State of Health respekte lwa sou dwa sivil federal ak eta ki aplikab yo, epi nou pa diskrimine sou baz ras, koulè, peyi kote moun soti, kwayans/relijyon, sèks, laj, eta sivil/sitiyasyon fanmi, dosye arrestasyon, kondanasyon kriminèl (yo), idantite jennda, oryantasyon seksyèl, karakteristik predispozisyon jenetik yo, estati militè, estati viktim vyalans domestik ak/oswa reprezay.

Si usted habla un idioma diferente al inglés, los servicios de asistencia de idioma están disponibles gratis para usted. Llame al 1-855-355-5777 (TTY: 1-800-662-1220).

如果您使用的語言不是英語，您可以使用我們的免費語言支援服務。請致電  
1-855-355-5777 (TTY: 1-800-662-1220)。

## 4 Konbyen l koute?

Prim mansyèl la koute \$0 (gratis). W ap peye yon vyek ti pataj frè pou sèvis yo ak preskripsyon yo.

## 5 Nan ki lòt fason li fè m ekonomize lajan?

Li PA GEN FRANCHIZ. Plan an peye pou swen sante ou san pèdi tan.

Pa gen pataj frè pou sèvis swen dan ak zye yo.

Ou resevwa SWEN PREVANTIF GRATIS tankou vizit regilye kay doktè ak depistaj yo. Swen preventif ka ede w rete an bòn sante.

## 6 Kisa Essential Plan lan kouvri?

Menm sèvis ak lòt plan yo. Sa gen ladan avantaj sa yo ak plis ankò:

- Swen preventif gratis
- Swen pou pasyan ki entène lopital ak pasyan ekstèn
- Swen matènité ak pou tibebe ki fenk fèt
- Sèvis dijans
- Sèvis laboratwa, radyografi, ak medikaman sou preskripsyon yo
- Sèvis reyabilitasyon ak abilitasyon
- Sèvis pou sante mantal ak twoub toksikomani
- Sèvis swen dan ak zye yo

## Nou p ap pataje enfòmasyon ou ban nou yo

Tout sa w di NY State of Health ak konseye enskripsiyon li yo rete prive. N ap itilize enfòmasyon ou ban nou sou estati imigrasyon ou sèlman pou wè si w kalifye pou asirans maladi. Nou p ap itilize l pou okenn lòt rezon ankò.